

Mwen, Kathleen Perez, sètifye nan dokiman sa ke tout fè (reyalite), imaj ak reprezantasyon ki fèt nan plan sa a, yo vrè, kòrèk e koyeran avèk bilan asirans yo. Anplis, tout lwa, regleman ak pwosedi ki aplikab yo; egzijans administratif ak sa ki pwograme yo; nou pral mete an aplikasyon pwosedi pou kontwòl fiskal ak antretyen dosye yo pou asire bon jan responsabite pou depans lajan pwogram PFEP a. N ap mete disponib tout dosye ki nesèsè pou pwouve egzijans sa yo pandan senk (5) lane pou piti pou pèsònèl Distri, Eta oswa Federal la ka analize yo. Anplis, mwen sètifye ke nou dwe fè tout depans yo nan dat oswa apre dat ki an vigè a epi anvan dat ki pou mete fen nan plan an. Nou pral bay rapò sou dekèsman lajan yo sèlman jan sa apwopriye ak pwojè sa epi yo pa pral itilize pou finansman konplèmantè sou pwojè sa oswa nenpòt lòt pwojè espesyal la, si sa entèdi.

Asirans

- Se definisyon legal angajman paran ak fanmi yo ki pral gide lekòl la epi ki pral reyalize pwogram, aktivite ak entèvansyon ki konfòm ak definisyon ki prezante nan seksyon 8101, ESEA;
- Enplike paran ak fanmi timoun yo ki sèvi nan Tit I an, Pati A a nan desizyon sou kijan lajan Tit I, Pati A ki rezève pou angajman paran ak fanmi yo te depanse [Seksyon 1116(a)(3)(b)];
- Prepare/revize ansanm ak paran PFEP nan lekòl la, distribye bay paran timoun k ap patisipe yo epi mete li disponib a kominote lokal la [Seksyon 1116 (b)(1)];
- Enplike paran ak fanmi yo, yon fason ki òganize, kontini e nan yon tan konvnan, nan planifikasyon, revizyon ak amelyorasyon pwogram yo dapre pati sa, sa gen ladann planifikasyon, revizyon ak amelyorasyon PFEP a epi preparasyon kolektif plan pwogram tout lekòl la dapre seksyon 1116(c)(3);
- Itilize rezilta revizyon PFEP a pou konsewa estrateji pou pèmèt pi bon jan angajman paran ak fanmi yo e pou revize, si nesèsè, PFEP lekòl la [Seksyon 1116(a)(E)];
- Si plan pou Tit I an, Pati A a, ki prepare dapre Seksyon 1112 la pa rive satisfè paran ak fanmi timoun k ap patisipe yo, lekòl la pral soumèt kòmmanchè paran ak fanmi yo lòske lekòl la ap soumèt plan an bay Ajans Edikasyon Lokal la (Local Educational Agency, LEA) [Seksyon 1116(b)(4)];
- Bay chak fanmi yon rapò endividyèl sou elèv la konsènan pèfòmans timoun yo a nan evalyasyon eta a [Seksyon 1112(e)(1)(B)(i)];
- Enfòmè chak paran nan yon tan ki konvnan lòske yon pwofesè ki pa reponn ak egzijans pou sètifikasyon oswa lisans eta a te asiyen oswa t ap aprann timoun ou an pandan 4 semèn youn dèyè lòt oswa plis pase sa pou nivo ak matyè yo te asiyen pwofesè sa [Seksyon 1112(e)(1)(B)(i)]; ak
- Enfòmè chak paran nan yon tan ki konvnan konsènan dwa yo pou mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak pwofesè asistan elèv yo a [Seksyon 1112 (e)(1)(A)].

Siyati Direktè a

Dat li siyen

Deklarasyon misyon angajman paran ak fanmi yo

Florida Atlantic University Schools (FAUS) rekonèt kontribisyon enpòtan paran yo genyen nan edikasyon elèv yo. Nou pral akeyi chak opòtinite ki enplike paran nou yo nan pwosesis pran desizyon an. Nou mete tèt nou nan pozisyon pou rann nou bon jan patnè paran elèv nou yo. FAUS pral fasilite yon travay an ekip ki fonksyonèl e gide ki enplike paran,

pwofesè, administratè, pèsònèl ak pwofesè asistan yo pou ankouraje byennèt elèv yo ak kominote lekòl la. Nou pral bay tout elèv yo opòtinite pou rive atenn tout kapasite yo atravè itilizasyon rechèch, devlopman travay ki mande efò e ki pètinan, etablisman lekòl, kay ak patnè nan kominote a. Nou te prepare PFEP lekòl nou an ansanm ak paran yo e yo antann yo sou li.

Nan lekòl la, Palm Pointe pran rezolisyon pou fè tout efò pou enplike paran ak manm kominote a nan aktivite ak rankont nan lekòl la, pou ka fè pwomosyon pou bon jan relasyon, fòme yon patenarya byen djanm ant lekòl ak lakay epi ogmante reyisit elèv yo.

Patisipasyon paran/fanmi yo

Dekri kijan lekòl la enplike paran/fanmi yo nan yon fason ki òganize, kontini e nan yon tan konvnan, nan planifikasyon, revizyon ak amelyorasyon pwogram Tit I yo ki gen ladann enplikasyon nan pran desizyon sou kijan lajan pou Tit I an pral itilize [ESEA Seksyon 1116].

Pwogram Tit I yo ak Plan Angajman Fanmi ak Paran yo (PFEP), se ekip responsab la ki te prepare e sipèvizè yo nan Palm Pointe Educational Research School dabò an patenarya avèk administrasyon LEA epi te pran an kont fidbak ak done ke nou te ranmase nan ane anvan an. Manm ekip responsab la gen ladann administratè, konseye oryantasyon, dwayen ak antrenè pedagogik yo. Se Konsèy konsiltatif la (SAC) ki te jere sijesyon, evalyasyon ak adopsyon plan an. SAC la gen ladann direktè, pwofesè, paran, pèsònèl sipò edikatif ak lòt sitwayen reprezantan gwoup etnik, rasyal ak kominote ekonomik ke lekòl la sèvi. Nou mande paran yo tou pou yo ranpli ankèt yo nan kèk moman espesifik pandan ane a pou ka bay fidbak yo sou pwogram sibvansyon yo, sa gen ladann fòm evalyasyon ki bay apre tout aktivite fanmi yo ke Tit I an finanse ak Ankèt Satisfaksyon/Enplikasyon Paran Tit I an. Nou itilize enfòmasyon ki te ranmase nan ane lekòl aktyèl la pou enfòme preparasyon aplikasyon sibvansyon Tit I an ak Plan Angajman Paran ak Fanmi yo pou ane lekòl k ap vini an.

Nan prentan ane 2018 la, Palm Pointe pral bay paran yo opòtinite pou revize ak bay fidbak sou aplikasyon pwogram Tit I yo ak PFEP a nan SAC 2017-2018 la ak Ankèt Satisfaksyon/Enplikasyon Paran. Manm SAC yo pral gen tan pou revize plan aktyèl la epi bay komantè alekri sou kijan plan an ka amelyore pou lane k ap vini an. Nou pral bay ankèt paran an ak tout elèv sou fòma papye oswa sou entènèt epi nou pral bay fanmi yo yon dokiman pou ka bay yon nòt sou satisfaksyon yo gen de aktivite PFEP yo ke nou te reyalize pandan ane lekòl la, ansanm ak fidbak yo sou sansibilizasyon pwogram Tit I an jeneral. Nou pral mete sijesyon nou jwenn de ni SAC ni ankèt paran yo nan Evalyasyon Detaye sou Bezwen nan Palm Pointe epi pral itilize pou enfòme preparasyon PFEP pou ane 2018-2019 la.

Kowòdinasyon ak entegrasyon avèk lòt pwogram federal yo

Dekri kijan lekòl la pral kowòdone ak entegre pwogram ak aktivite angajman paran ak fanmi yo avèk lòt pwogram yo. Eksplike kijan aktivite sa yo pral aprann paran yo kijan pou ede timoun yo lakay yo [ESEA Seksyon 1116].

Kòm yon pati nan Regleman Angajman Fanmi ak Paran nan lekòl la, Palm Pointe pral reyalize aktivite ki gen objektif amelyore sansibilizasyon dwa paran yo nan Tit I, kowòdone avèk Tit IX la epi bay sipò ak edikasyon preskolè. Lekòl la kowòdone avèk Edikasyon Elèv Eksepsyonèl yo tou dapre IDEA a nan bay opòtinite egal pou elèv ki gen bezwen espesyal yo ak fanmi yo pou patisipe nan aktivite paran ak fanmi yo.

Pwogram	Kowòdinasyon
Edikasyon Elèv Eksepsyonèl	Reprezantan nan pwogram Saint Lucie Public Schools la pral resevwa envitasyon pou patisipe nan rankont/aktivite patisipasyon paran yo pou bay enfòmasyon konsènan sèvis ak fanmi yo.
IDEA	Nou pral diskite ak paran yo sou sipò enstriktif anplis yo pandan preparasyon IEP elèv la.
Tit IX	Lyezon Tit I an pral kominike regilyèman avèk lyezon Tit I an pou asire dwa elèv yo pwoteje e sèvi epi enfòmasyon sa nou voye li regilyèman bay fanmi yo.
Lansman Preskolè/Jaden danfan	Ekip jaden danfan an pral kowòdone avèk administrasyon lekòl la pou ka reyalize yon sesyon enfòmasyon pou paran/fanmi yo pou elèv k ap vini yo pou lane lekòl 2018-2019 la.

Rankont anyèl paran

Bay yon deskripsyon tou kout sou sa ki anba yo:

- **Ansanm demach espesifik lekòl ou a pral antreprann pou dirije rankont anyèl Tit 1 an pou ka enfòme paran ak fanmi yo sou patisipasyon timoun yo nan pwogram Tit I lekòl la.**
- **Ki jan de pwogram Tit I ki pataje avèk paran yo (nan tout lekòl la oswa èd ki sible)**
- **Kijan lekòl la, nan rankont anyèl la, pral enfòme paran yo de done sou pèfòmans lekòl la ak dwa paran yo.**

Palm Pointe te reyalize rankont anyèl Tit I/Tit IX nan dat 11 oktòb 2017 la ansanm ak aktivite sou kourikoulòm lekòl la. Nou te mete paran yo okouran de aktivite a nan voye yon feyè lakay anndan anvlòp kominikasyon chak semèn nan, atravè plizyè apèl telefòn ConnectEd e nou te fè piblisite sou paj Facebook lekòl la. Anplis, ekip klas yo te fè piblisite pou aktivite a nan mesaj kominikasyon chak semèn yo.

Kòm yon pati nan Tit I/Tit IX rankont anyèl paran yo, lyezon Tit I an te prezante enfòmasyon konsènan efò nan Palm Pointe sou pwogram yo – sa gen ladann kijan Palm Pointe resevwa èd pou tout lekòl la – dwa yo dapre Tit I ak Tit IX la, pwosesis pou bay sijesyon nan pwogram ak depans Tit I yo epi lòt fason pou enplike w nan inisyativ lekòl la pran yo. Prezantasyon an te fèreferans tou ak Chanm pou Resous Paran FAU ki twouve li sou kanpis Palm Pointe la. Pou fè suit a enfòmasyon espesifik ki nan Tit I ak Tit IX la, nou te envite paran yo pou rankontre ak pwofesè yo pou aprann plis sou kourikoulòm nan, evalyasyon yo ak fason pou sipòte aprantisaj elèv la lakay. Nou te bay patisipan yo rapò done endividyalize yo ki vini de dènye dyagnostik iReady elèv yo epi yo te gen opòtinite pou poze kesyon konsènan pwogram elèv yo.

Rankont fleksib ak paran

Dekri kijan lekòl la pral:

- **Ofri yon seri rankont fleksib tankou rankont nan maten oswa nan aswè,**
- **Bay, ak lajan Tit I an, transpò, gad timoun oswa vizit lakay piske sèvis sa yo lye ak angajman paran ak fanmi yo [ESEA Seksyon 1116].**

Kòm yon pati nan evalyasyon Plan Patisipasyon Paran pou lane 2016-2017 la, fanmi Palm Pointe yo te montre nesosite pou rankont yo kontinye fèt nan lè ki fleksib e pou rann materyèl yo aksesib apre aktivite a. Pou aktivite nan Plan Angajman Fanmi ak Paran pou lane 2017-2018 la, Palm Pointe angaje li pou pwograme aktivite yo nan divès lè pandan ane a – sa gen ladann anvan lekòl, pandan lekòl ak apre lekòl, pou bay fanmi yo yon anons alavans de aktivite yo epi bay materyèl/resous aktivite yo nan yon tan ki konvnan apre aktivite a. N ap voye materyèl yo swa lakay atravè elèv yo, swa pa imèl oswa n ap afiche yo lekòl la ak/oswa sou sit entènèt klas la jan sa aplikab pou fanmi yo ki pa kapab patisipe nan aktivite yo oswa nan rankont yo.

Ranfòse kapasite**Dekri kijan lekòl la pral:**

- **Reyalize aktivite ki pral ranfòse kapasite pou jwenn bon jan angajman paran/fanmi yo**
- **Reyalize aktivite ki bati relasyon nou gen avèk kominote a pou amelyore reyisit elèv nou yo**
- **Bay materyèl ak fòmasyon ki ede paran/fanmi yo travay ak timoun yo.**
- **Bay lòt materyèl rezonab pou sipòte aktivite angajman paran/fanmi yo [ESEA Section 1116].**

Aktivite	Materyèl nou bay	Moun ki responsab	Delè	Prèy sou pèfòmans
Rankontre ak pwofesè a (Meet the Teacher)	Pake sal klas la – lèt byenvini, atant, lis founiti, mwayen pou kominikasyon	Pwofesè klas yo, administrasyon an sipèvize	Out 2017	Fèy prezans; Ankèt Satisfaksyon Paran
Rankont paran pou aljèb I	Prezantasyon	Antrenè pedagojik ak pwofesè aljèb	Out 2017	Fèy prezans
Aktivite klas (Aktyèlman gen dis aktivite ki pwograme)	Prezantasyon, feyè, fòmilè done (si aplikab)	Antrenè pedagojik, lyezon Tit I ak lidè ekip yo	Oktòb 2017 – Me 2018	Fèy prezans ak fòmilè evalyasyon nan aktivite yo; Ankèt Satisfaksyon Paran
Demaraj klas (Lannuit kourikoulòm)	Prezantasyon, feyè, fòmilè done	Antrenè pedagojik, lyezon Tit I, lidè ekip yo, administrasyon	Oktòb 2017	Fèy prezans ak fòmilè evalyasyon nan aktivite yo; Fidbak de SAC la; Ankèt Satisfaksyon Paran
Rankont anyèl Tit I	Prezantasyon an afiche sou sit entènèt lekòl la	Lyezon Tit I	Oktòb 2017	Fèy prezans ak fòmilè evalyasyon nan aktivite yo; Fidbak de SAC la; Ankèt Satisfaksyon Paran
Aktivite rekonesans (Papa Mennen Timoun ou an nan Travay, Dejene Volontè, Dejene Cultural Heritage, selebrasyon jèn otè)	Prezantasyon ak feyè yo jan sa aplikab	Depatman oryantasyon, kowòdonatè volontè, administrasyon	Chak trimès	Fèy prezans; Ankèt Satisfaksyon Paran

Aktivite fanfa klas (Aktyèlman gen twa aktivite ki pwograme)	Prezantasyon, feyè, resous pou sipòte aprantisaj	Antrenè pedagogik	Janvyè 2018 – Mas 2018	Fèy prezans ak fòmilè evalyasyon; Ankèt Satisfaksyon Paran
Lansman jaden danfan	Prezantasyon, feyè/resous pou sipòte aprantisaj	Administrasyon, antrenè pedagogik, pwofesè jaden danfan	Prentan 2018	Fèy prezans ak fòmilè evalyasyon
Parent Academy of St. Lucie County	Prezantasyon, feyè ak resous jan sa aplikab	Depatman oryantasyon	Septanm 2017 – Me 2018	Fèy prezans
Aktivite Middle School Matters	Prezantasyon, feyè/resous	Depatman oryantasyon, antrenè pedagogik	Me 2018	Fèy prezans ak fòmilè evalyasyon

Fòmasyon pèsonèl la

Dekri aktivite fòmasyon pwofesyonèl lekòl la pral bay pou edike pwofesè yo, pèsonèl sipò ki la pou ansèyman espesyalize, direktè yo ak lòt lidè nan lekòl la ansanm ak lòt ekip avèk èd paran/fanmi yo nan:

- Valè kontribisyon yo;
- Kijan pou rive jwenn, kominike e travay avèk paran ak fanmi yo tankou patnè ki egal; epi
- Kijan pou reyalize ak kowòdone pwogram paran/fanmi yo epi bati lyen ant paran/fanmi yo avèk lekòl la [ESEA Section 1116].

Aktivite	Moun ki responsab	Domèn enterè	Delè	Prèv sou pèfòmans
Konsepsyon sesyon rezime aktivite PFEP yo	Lyezon PFEP/ Lyezon Tit I	Patisipasyon paran	Septanm 2017 (an kou jan sa aplikab)	Nou bay evalyasyon apre chak ativite fanmi; Ankèt Satisfaksyon Paran
Sesyon chak trimès konsènan kominikasyon ak paran ak fanmi yo nan rankont konsèy pwofesè yo	Lyezon PFEP/ Lyezon Tit I	Kominikasyon	Septanm 2017 – Me 2018	Fèy prezans, nòt sesyon yo, Ankèt Satisfaksyon Paran
Rankont klas yo	Lidè ekip, administrasyon, antrenè pedagogik	Kominikasyon ak patisipasyon fanmi nan sipòte reyisit	Chak trimès	Nòt planifikasyon (jan sa aplikab); kominikasyon ak fanmi pou klas la (bilten nouvèl, voye imèl, etc.)
Teacher Leadership Academy	Antrenè pedagogik ak administrasyon	Bon jan kominikasyon; estrateji motivasyon	Chak trimès	Fèy prezans, prezantasyon materyèl yo, Ankèt Satisfaksyon Paran
Rankont Tit I/Tit IX (yo)	Lyezon Tit I ak Lyezon Tit IX	Konprann pwogram Tit I/Tit IX yo ak dwa paran/fanmi yo	Oktòb 2017 ak Me 2018	Fèy prezans; prezantasyon materyèl yo
Sesyon kominikasyon ak paran	Antrenè pedagogik	Bon jan estrateji kominikasyon ak rapò pwogrè yo	Ivè 2018	Fèy prezans ak ajanda; prezantasyon materyèl yo; evalyasyon sesyon

Lòt aktivite

Dekri lòt aktivite tankou sant resous pou paran ke lekòl la pral reyalize pou ka ankouraje ak sipòte paran/fanmi yo yon fason ki pi byen angaje yo nan edikasyon timoun yo [ESEA Section 1116].

Palm Pointe pral ankouraje paran yo pou itilize materyèl ak teknoloji ki disponib nan chanm resous paran li a, sa nou konnen tou sou non chanm FAU. Enfòmasyon ki konsène resous disponib yo, nou te pataje yo nan Orbiter, bilten nouvèl masyèl paran lekòl la epitou nan sesyon rankont anyèl paran Tit I yo.

Kominikasyon

Dekri kijan lekòl la pral bay paran elèv k ap patisipe yo sa ki dekri anba yo:

- **Enfòmasyon nan yon tan konvnan konsènan pwogram ak aktivite Tit I an;**
- **Dekri ak eksplike kourikoulòm lekòl la, fòm pou evalyasyon akademik ki itilize pou evalye pwogrè elèv yo epi nivo metriz y ap atann pou elèv yo atenn;**
- **Si paran yo mande sa, n ap bay opòtinite nan rankont nòmal yo pou paran bay sijesyon yo e patisipe, jan sa nesèsè, nan desizyon ki gen pou wè ak edikasyon timoun yo [ESEA Seksyon 1116].**

Palm Pointe pral kominike ak paran/fanmi yo konsènan pwogrè akademik ak pwogram ak aktivite yo nan yon tan ki konvnan. Lekòl la pral fè pwomosyon aktivite yo nan itilize feyè, paj Facebook lekòl la ak apèl telefòn ConnectEd omwen yon semèn anvan aktivite ki pwograme a. Lannuit enfòmasyon sou Tit I/Tit IX la ki vini apre sesyon sou kourikoulòm nan ke pwofesè yo gen pou prezante a ap fèt nan koumansman ane a. Anplis, ekip klas yo pral gen opòtinite pou planifye ak prezante aktivite fanmi/paran ki vize pèmèt konprann kourikoulòm nan ak atant sou evalyasyon yo nan plizyè moman pandan ane a. Pwofesè yo pral voye lakay devwa ki evalye yo ak rapò pwogrè akademik yo atravè anvlòp kominikasyon chak semèn yo sa gen ladann aksè a rapò done yo pou dyagnostik iReady jan yo mande sa. Paran yo kapab gen aksè tou ak nòt pefòmans elèv yo pou travay nan klas ak evalyasyon yo gras a Skyward la. Ekip klas yo pral voye lakay yon imèl kominikasyon chak semèn, feyè oswa alèt tèks k ap enfòmè paran/fanmi yo de kontni k ap vini yo, evalyasyon ak anons yo. Paran/fanmi yo pral gen opòtinite pou pwograme konferans ak pwofesè yo pou ka diskite pwogrè akademik, sosyal ak/oswa konpòtmantal yo jan sa aplikab epi paran yo pral resevwa envitasyon pou patisipe nan rankont yo avèk Ekip Rezolisyon Pwoblèm nan (PST) oswa pou IEP oswa konsiderasyon 504 yo nenpòt lè sa nesèsè. Kominikasyon anplis, sa gen ladann rapèl yo sou Tit I, Tit IX la ak lòt pwogram/inisyativ lekòl la, nou pral pataje yo nan bilten masyèl lekòl la (Orbitor).

Aksè

Dekri kijan lekòl la pral:

- Bay pil opòtinite a tout paran ak fanmi yo pou patisipe nan aktivite angajman paran/fanmi yo,
- Pataje enfòmasyon ki gen pou wè ak lekòl la, pwogram paran/fanmi yo, rankont yo, rapò lekòl la ak lòt aktivite nan yon fòm ki konpreyansib, inifòm epi nan lang ke paran/fanmi yo kapab konprann.

Palm Pointe pral asire li ke enfòmasyon ki lye ak kourikoulòm, evalyasyon ak pwogrè akademik yo ale jwenn ak pataje bay paran timoun ki patisipe nan yon tan konvnan, nan yon fòm ki konpreyansib epi nan mezi sa posib, nan yon lang paran yo kapab konprann, sa gen ladann lang angle, espayòl ak kreyòl. Fòm yo pral gen ladan yo sesyon enfòmasyon, atelye, rapò pwogrè, kanè ak konferans paran-pwofesè yo. Nou pral voye devwa ki evalye ak feyè enfòmasyon yo lakay atravè yon anvlòp kominikasyon lakay-lekòl ke paran/gadyen legal elèv la dwe siyen epi retounen bay lekòl la. Nou pral poste feyè enfòmasyon yo sou plizyè platfòm rezo sosyal lekòl la sa gen ladann sit entènèt lekòl la ak sit Facebook la. Nou pral mete disponib sou sit entènèt lekòl la enfòmasyon pètinan/prezantasyon materyèl yo avèk narasyon ki gen vwa ladan pou moun sa yo ki pa kapab patisipe nan aktivite yo. Nou pral mete materyèl aktivite angajman fanmi yo disponib sou demann nan lyezon Tit I an.

Aktivite ki pa obligatwa (opsyonèl)

Dekri nenpòt aktivite ki pa obligatwa men ki ap peye atravè Tit I an, lajan Pati A a (pa egzanp, vizit lakay, transpò pou rankont yo, aktivite ki gen pou wè ak angajman paran/fanmi yo, etc.)

Pa aplikab

Obstak

Bay yon deskripsyon:

- **Obstak ki anpeche patisipasyon paran yo pandan ane lekòl anvan an**
- **Demach lekòl la pral antreprann pandan ane lekòl k ap vini an pou simonte obstak yo (nan pote bon jan atansyon bay paran/fanmi ki gen andikap yo, ki pa pale angle byen ak paran/fanmi ki gen timoun ki transfere) [ESEA Seksyon 1116].**

Obstak (sa gen ladann sou-gwoup espesifik la)

Angajman fanmi ak paran: Nan suiv prezans yo, nou jwenn se menm paran/fanmi yo ki kontinye patisipe nan aktivite enfòmasyon/akademik yo, jeneralman se paran elèv ki gen pi bon pèfòmans yo.

Demach lekòl la pral antreprann pou simonte sa

Lekòl la pral kontinye reyalize fòmasyon PTO pou bay teknik pou ekipe paran yo ak konpetans nesèsè pou ka rive atenn lòt paran yo. Anplis, lekòl la pral kontinye mete opòtinite pou prezantasyon elèv nan aktivite yo, planifye aktivite ki angaje nan nivo edikatif pou tout fanmi an epi ofri aktivite nan lè ak dat ki fleksib. Nou

	<p>pral mete disponib enfòmasyon sou kijan pou enplike nan lekòl la nan aktivite Rankontre Pwofesè a (Meet the Teacher) ak lòt gwo aktivite.</p>
<p>Aksè: Fanmi nan Palm Pointe yo se yon varyete gwoup etnik avèk yon pousantaj popilasyon ki gen yon lang matènèl ki pa angle.</p>	<p>Nou pral bay tradiksyon dokiman enpòtan yo tankou Antant ant Lekòl ak Paran an, nan lang espayòl ak kreyòl ayisyen pou ka redui baryè lang la. Enfòmasyon ki gen pou wè ak fè piblisite pou aktivite ki enplike paran yo ak/oswa rankont yo, nou pral bay yo nan plizyè fòm tankou kopi papye, planifikatè elèv, rezo sosyal, mesaj Connect-Ed ak gwo pankat lekòl la.</p>
<p>Transpò: Akoz jan enskripsyon nan Palm Pointe lan ye, lekòl la sèvi elèv ak fanmi k ap viv nan tout distri St. Lucie a. Sa rann li difisil pou kèk fanmi vini lekòl la pou patisipe nan aktivite ak evènman nou yo, espesyalman lè pa gen otobis disponib pou sa.</p>	<p>Nou pral bay ak poste sou sit entènèt lekòl la materyèl prezantasyon yo (ak tout narasyon ki gen vwa ladan, lè sa nesesè e posib) pou fanmi yo ki pa ka patisipe nan aktivite yo an dirèk ka toujou resevwa enfòmasyon yo.</p>